



Yon “apèsi”

Ki sa ki andedan

Nimewo sekirite sosyal ou	1
Vòl idantite	2
Asire w dosye w yo egzat	2
Pèman taks sekirite sosyal	2
Fason pou gen “kredi” Sekirite Sosyal	2
Fason pou kalkile benefis Sekirite Sosyal	2
Benefis Sekirite Sosyal	3
Retrèt	3
Envalidite	3
Sivivan	3
Medicare	3
Revni Sekirite Siplemantè (SSI)	3
Ki lè epi ki jan pou aplike pou Sekirite Sosyal oswa SSI	4
Pou kontakte Sekirite Sosyal	4

Bwochi sa a bay yon apèsi sou karakteristik ki pi enpòtan nan pwogram Sekirite Sosyal, revni sekirite siplemantè (SSI) ak Medicare. Ou ka jwenn enfòmasyon presi sou pwogram sa yo, ikonpri piblikasyon nou yo lè w vizite sitwèb nou an nan www.socialsecurity.gov.

Nimewo sekirite sosyal ou

Nou baze benefis ou resevwa nan Sekirite Sosyal sou salè anplwayè w (oswa oumenm si w ap travay ak tèt ou) te rapòte avèk nimewo Sekirite Sosyal ou. Kidonk, se pou toujou itilize nimewo Sekirite Sosyal ki kòrèk la, epi asire w non ou itilize nan travay ou se menm non sa a ki sou kat sekirite sosyal ou a. Si w ta janm chanje non w, ou ta dwe chanje non w sou kat

Sekirite Sosyal ou a tou. Sekirite Sosyal pa fè w peye pou sèvis sa a. Ou ta dwe aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal pou pitit ou yo tout suit aprè yo fèt. Ou pral bezwen nimewo yo pou reklame yo kòm depandan sou fòm taks federal ou.

Vòl idantite

Fè atansyon avèk kat ansanm ak nimewo Sekirite Sosyal ou a pou prevni vòl idantite. Montre anplwayè w la kat ou a lè w kòmanse yon travay konsa dosye w ap kòrèk. Aprè sa, mete l yon kote ki an sekirite. Pinga w mache ak kat ou a sou ou.

Asire w dosye w yo egzat

Non w ak nimewo Sekirite Sosyal ou ki sou kat Sekirite Sosyal ou a **dwe** matche avèk dosye pèman anplwayè w la epi avèk fòm W-2 a konsa nou ka ba w kredi pou salè w nan dosye w. Si gen yon erè nan kat Sekirite Sosyal ou a, kontakte nenpòt biwo Sekirite Sosyal pou yo ka fè chanzman yo. Tyeke fòm W-2 w la pou asire dosye anplwayè w la kòrèk epi, si li pa kòrèk, bay anplwayè w la enfòmasyon ki egzat la.

Ou ka tyeke dosye salè w tou sou *Relve Sekirite Sosyal ou a*. *Relve* a disponib sou entènèt pou travayè ki gen 18 an oswa plis. Pou egzamine *Relve* w la, ale nan **www.socialsecurity.gov/myaccount** epi kreye yon kont *my Social Security*. Si *Relve* w la pa gen tout salè w oswa si gen nenpòt lòt enfòmasyon ki pa kòrèk ladan l, bay anplwayè w la ansanm ak biwo lokal Sekirite Sosyal la enfòmasyon ki kòrèk la.

Pèman taks sekirite sosyal

Si w ap travay pou yon lòt moun, anplwayè w la retire taks pou Sekirite Sosyal ak taks pou Medicare sou chèk ou a epi li voye lajan taks sa yo bay *Internal Revenue Service (IRS)*. Epitou anplwayè w la voye bay IRS yon montan ki egal ak montan li te retire sou chèk ou a. Anplis de sa anplwayè w la rapòte tout salè ou bay Sekirite Sosyal.

Si w ap travay ak tèt ou, se ou ki peye tout taks pou Sekirite Sosyal ak taks pou Medicare lè w ranpli taks ou, epi aprè sa IRS rapòte salè ou fè bay Sekirite Sosyal. Ou peye yon tarif ki egal ak pòsyon pa w plis pòsyon anplwayè w la ta gen pou l peye, men genyen dediksyon espesyal pou taks sou revni ou ka pran pou konpanse valè taks ou gen pou peye.

Nou pa mete taks ou peye pou Sekirite Sosyal ak Medicare nan yon kont espesyal pou ou. Yo sèvi ak lajan sa a pou peye benefis moun ki sipoze resevwa benefis, menm jan tou benefis ou pral gen pou resevwa alavni, se fiti travayè ki pral peye yo pou ou.

Fason pou gen “kredi” Sekirite Sosyal

Toutpandan w ap travay epi w ap peye taks Sekirite Sosyal, ou vin gen “kredi” ki konte pou elijiblite w pou benefis Sekirite Sosyal (toudepan de valè w touche, ou ka gen jiska kat kredi chak ane). Pifò moun bezwen 10 ane travay (40 kredi) pou yo ka kalifye pou benefis. Moun ki pi jèn yo bezwen mwens kredi pou yo ka kalifye pou benefis envalidite oswa pou fanmi yo ka kalifye pou benefis sivivan.

Fason pou kalkile benefis Sekirite Sosyal

Jeneralman, benefis Sekirite Sosyal ou a se yon pouvantaj salè ou touche an mwayèn pandan tout tan ou fè ap travay. Travayè ki gen revni ki ba resevwa yon pouvantaj ki pi wo sou salè yo an mwayèn pandan tout tan yo fè ap travay pase moun ki touche plis kòb yo. Yon travayè ki gen salè ki mwayen ka espere yon benefis retrèt ki ranplase apeprè 40 pouzan nan salè li touche an mwayèn pandan tout tan l ap travay.

Sekirite Sosyal pa t janm sipoze sèl sous revni w lè w pran retrèt oswa lè w vin envalid oswa sèl sous revni fanmi w si w ta vin mourir. Sekirite Sosyal se yon sipleman pou lajan w te mete nan kont depay, envestisman, pansyon ak plan asirans.

Benefis Sekirite Sosyal

Taks Sekirite Sosyal ou a peye a kouvri twa kalite benefis: retrèt, envalidite ak sivivan.

Si w elijib pou resevwa benefis retrèt oswa benefis pou envalidite, lòt manm nan fanmi w ka resevwa benefis tou. Pa egzanp, konjwen w elijib si li gen omwen 62 an. Konjwen w elijib tou si l' poko gen 62 an epi l' ap pran swen ptit ou ki poko gen 16 an (oswa 16 oswa li pi gran men li andikape) epi ki gen dwa sou dosye w. Ptit ou ki poko marye elijib tou si yo poko gen 18 an, 18 – 19 an epi ki swa nan lekòl elemantè oswa lekòl segondè aplentan, oswa 18 an oswa plis ki gen yon andikap. Si w divòse, ansyen konjwen w ka elijib pou l' resevwa benefis sou dosye w.

Retrèt

Nou peye w benefis lè w rive nan laj konplè pou pran retrèt (gen benefis ki redui ki disponib tou depi sou laj 62 an) si w te travay ase lontan pou sa. Si w te fèt nan ane 1944 oswa anvan sa, ou elijib pou resevwa benefis konplè nan Sekirite Sosyal a 65 an. Si w te fèt ant ane 1945 ak ane 1954, laj pou pran retrèt konplè se 66 an. Laj pou pran retrèt konplè a gradyèlman ogmante jiskaske l' rive nan laj 67 an pou moun ki te fèt ant ane 1955 ak ane 1960. Laj pou pran retrèt konplè se 67 an pou tout moun ki fèt aprè ane 1960. Si w pa pran retrèt aprè w fin rive nan laj pou pran retrèt konplè a, ou pral resevwa yon kredi espesyal pou chak mwa ou pa pran benefis yo jiskaske w rive nan laj 70 an. Si w chwazi pou pa pran retrèt aprè w fin gen 65 an, ou dwe toujou aplike pou Medicare twa mwa anvan 65yèm anivèsè nesans ou.

Envalidite

Ou ka resevwa benefis pou envalidite si w te travay ase lontan pou gen ase kredi epi si w gen yon pwoblèm fizik oswa mantal ki grav ki anpeche w travay pou omwen ennan, oswa si w gen yon maladi ki nan faz tèminal. Sa ka pran plizyè mwa pou yo travay sou reklamasyon pou

envalidite, kidonk pinga w ret tann jiskaske w pa p travay pandan ennan pou aplike pou benefis yo.

Sivivan

Si w mouri anvan kèk manm nan fanmi w, kèk nan sivivan w yo ka elijib pou yo resevwa benefis. Moun sa yo enkli vèv, vèf (ak vèv ak vèf ki divòse), timoun ak paran ki depandan w.

Medicare

Benefis swen medikal yo klase nan kat pati Medicare. Taks Medicare ou peye yo pandan ane w ap travay finanse Medicare Pati A (asirans lè w al lopital) ki ede peye pou lè w entène lopital, swen enfimyè kalifye ak lòt sèvis. Nòmalman, ou peye prim yo pou twa lòt pati Medicare yo. Medicare Pati B (asirans medikal) ede peye pou frè doktè, vizit nan lopital kòm malad ki pa entène ak lòt sèvis ak founiti medikal. Medicare Pati C (plan Medicare Advantage yo) pèmèt moun ki gen Pati A ak Pati B yo resevwa tout sèvis swen medikal yo atravè yon òganizasyon founisè swen. Medicare Pati D (kouvèti pou medikaman ou achte avèk preskripsyon) ede peye pou medikaman doktè preskri.

NOTE: Ou ta dwe enskri pou Medicare menm si w pa planifye pran retrèt lè w gen 65 an. Si w pa enskri nan Pati B ak Pati D lè w fèk elijib pou sa, ou ka gen pou peye yon penalite pandan tout tan ou gen kouvèti pati B ak Pati D. Epitou ou ka gen pou ret tann pou enskri, sa ki ka retade kouvèti w la.

Revni Sekirite Siplementè (SSI)

Pou resevwa benefis SSI, ou dwe gen 65 an oswa plis oswa avèg oswa andikape. Epitou ou dwe gen revni ki ba epi ou pa sipoze gen anpil resous pou ka resevwa pèman chak mwa. Ni timoun ni granmoun ka kalifye pou benefis envalidite SSI.

Montan mansyèl ou ka resevwa depann de revni w, resous ou ak kote w abite. Gouvènman federal la peye yon benefis debaz, epi gen kèk eta ki ajoute plis lajan sou benefis federal la.

Tyeke avèk biwo lokal Sekirite Sosyal ou a pou montan pèman SSI nan eta kote w abite a. Gen kèk moun ki resevwa SSI ki kalifye tou pou Medicaid, pwogram asistans nitrisyon siplemantè (*Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP*), ak lòt èd ankò.

Ou ka toujou resevwa benefis SSI si w pa t travay. Se revni fiskal jeneral ki finanse SSI, se pa taks sekirite sosyal.

Ki lè epi ki jan pou aplike pou Sekirite Sosyal oswa SSI

Ou ta dwe aplike pou benefis retrèt apeprè twa mwa anvan dat ou vle kòmanse resevwa benefis ou yo. Si w poko pare pou pran retrèt, men ou panse ou ka aplike anvan lontan, ou ta dwe vizite sit entènèt Sekirite Sosyal la. Si w déjà genyen ase kredi nan Sekirite Sosyal pou kalifye pou resevwa benefis, ou ka itilize *Estimatè retrèt nou an sou entènèt la lè w ale nan www.socialsecurity.gov/estimator*.

Estimatè retrèt la se yon zouti finansye ki pratik, sekirize epi rapid ki pèmèt ou kreye pwòp senaryo “sipozon” ki pèsonalize. Si w poko gen ase kredi pou kalifye pou resevwa benefis, nou gen lòt kalkilate benefis ou ka itilize nan www.socialsecurity.gov/planners.

Ou ka aplike tou pou benefis retrèt oswa benefis envalidite sou entènèt nan www.socialsecurity.gov.

Ou ta dwe aplike pou benefis Sekirite Sosyal oswa envalidite SSI si w vin twò andikape pou travay. Nan pifò ka, ou ka ranpli pifò oswa tout aplikasyon pou envalidite w la sou sitwèb nou an. Si yon moun nan fanmi w t ap travay epi li vin mouri, ou ta dwe kontakte nou pou wè si oumenm ak lòt manm fanmi an elijib pou resevwa benefis.

Lè w aplike pou benefis, ou bezwen montre dokiman ki pwouve ou elijib. Ou bezwen yon batistè pou chak manm fanmi an k ap aplike pou

benefis, yon ak maryaj si konjwen w ap aplike, epi fòm W-2 ki pi resan an (oswa fòm taks ou si w ap travay ak tèt ou).

Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè I ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an www.socialsecurity.gov. Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay multilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprtèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprtèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tandem.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today
and tomorrow

Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi bibliye publikasyon sa a

Social Security Administration
Publication No. 05-10006HC | July 2017
Yon "apèsi"
A "Snapshot" (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense